

	ULANGAN BAHASA SUNDA Tema 6			nilai	ttot
	Nama	: _____			
	Kelas, No	: _____ / _____			
	Hari, Tanggal	: _____			
	Materi	: Endahna Sosobatan			

Prak baca sing gemet!

Lalajo Lumba-Lumba

Basa peré caturwulan kahiji, kabeneran di Bandung aya pintonan lumba-lumba. Tempatna di lapangan Tugu Bandung Lautan Api, Tegallaga.

Lalajo lumba-lumba téh henteu poé Minggu. Poé Minggu mah sok loba pisan nu lalajo. Kuring mah lalajo téh poé Senén. Indit ti imah téh jam salapan isuk-isuk. Leumpang waé sorangan da kabeneran teu pati jauh. Satengah jam ogé nepi. Tuluy meuli karcis di kelas dua.

Barang sup ka jero, geuning lain barudak waé anu lalajo téh, ibu-ibu jeung bapa-bapa ogé aya. Tapi lolobana mah barudak sakola dasar, da keur peré.

Mani kesel ngadagoan pintonan dibuka. Jam sapuluh dibukana téh. Hadéna baé ari isuk-isuk mah teu panas teuing. Hateupna tina séng, mun ti beurang mah cenah sok panas pisan.

Mani atoh téh barang pintonan mimiti dibuka. Mani resep. Mimiti anu dimaénkeun téh anjing laut. Sina luluncatan, sina ulin bal, sina dadangsaan. Lucu pisan, anjing laut téh bisa ngitung. Harita aya nu lalajo nulis dina bor leutik $6 + 6 = \dots$. Anjing laut téh ngagoyangkeun bél. Mimiti mah salah. Kadua kalina salah kénéh. Katilu kalina mah bener 12 kali ngagoyangkeun bélna téh. Sababaraha kali dicoba ngitung. Duka kumaha bet bisaeun. Tapi nu pinter ngitung mah ngan hiji. Anjing laut nu hiji deui mah bodo kénéh.



Sumber: www.harianjogja.com

A. Jieun kalimah pananya saluyu jeung jawabanana dumasar kana bacaan di luhur!

1. Pertanyaan :

Jawaban : Tempatna di lapangan Tugu Bandung Lautan Api, Tegallega

2. Pertanyaan :

Jawaban : Ari poé Minggu mah sok loba pisan anu lalajo

3. Pertanyaan :

Jawaban : Anu lalajo téh aya ibu-ibu jeung bapa-bapa.

4. Pertanyaan :


Jawaban : Anu sina dadangsaan téh nyaéta anjing laut

5. Pertanyaan :


Jawaban : Anjing laut ngajawab ku ngagoyangkeun bél.

B. Cocogkeun gambar jeung gunana anu bener!







6.



7.



8.



Parabot paranti ngagoreng

Parabot paranti ngagodog

Parabot paranti nyieun jus

Parabot paranti ngaliwet

Parabot paranti nutu bumbu

Parabot paranti nyiksikan

Parabot paranti marud

Parabot paranti nyepan

C. PILIH JAWABAN ANU PANGBENERNA!

1. Jeung Asép mah di masjid jeung di sakolana calakan. Calakan hartina ...
A. pinter B. wanian C. sieunan
2. Sanggeus kitu mah terus dalahar bari paronyo naker.. Paronyo hartina ...
A. ngarasa ngeunah B. ngarasa mual C. ngarasa wareg
3. Sato nu héman geuning lumba-lumba téh. Heman hartina
A. boga rasa ngewa B. boga rasa nyaah C. boga rasa sieun
4. Lamun ayeuna poé Kemis, ari isukan poé
A. jumaah B. saptu C. minggu
5. Lamun ayeuna poé Ahad, ari pagéto ...
A. rebo B. salasa C. senen
6. Lamun ayeuna poé Rebo, ari mangkukna poé ...
A. saptu B. ahad C. senen

D. URAIAN

JIEUN 4 kalimah saluyu jeung gambar di handap!

